

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

#### 5.1 Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan bisa dijelaskeun saperti ieu di handap.

1) Seni ajéng mangrupa salah sahiji kasenian asli Kabupatén Sumedang, asalna ti Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya. Ajéng mangrupa ngaran hiji kasenian, ogé mangrupa ngaran waditra. Waditra ajéng nu kapanggih ku Embah Jagakerti nalika ngali taneuh pikeun nyieun saluran cai, miboga sasaran jeung waditra gamelan, kayaning koromong, kempul (goong leutik), jeung goong. Saméméh diangkat, sakabéh waditra téh kakubur sarta kabeulit ku jangkar nu kacida réana, nepi ka baheulana mah ieu kasenian téh dibéré ngaran jangkar alam. Seni jangkar alam robah jadi seni ajéng saprak sok dipintonkeun dina acara nikahan. Seni ajéng asalna tina kecap pangajeng-ngajeng, nu hartina ngabagéakeun tamu kahormatan.

2) Dina prak-prakanana, dimimitian ku diayakeunna sasajén sacara adat anu tuluy disambung ku rajah pikeun neda widi ka nu Maha Kawasa tur sanduk-sanduk ka karuhun. Sanggeus mapatkeun rajah, tuluy ajéng ditabeuh, lagu bubukanya éta “*Pandan Ora*”, “*Dengkleung*” jeung “*Béndrong*”. Sabada lagu bubukana, dituluykeun ku lagu nu wajib dipaénkeun dina unggal pagelaran, nya éta lagu “*Saliara*” jeung “*Rénggong Buyut*”. Ka dituna mah lalaguan nu dipaénkeun téh luyu jeung pamundut karuhun (nu kasurupan), lalaguanna téh di antarana lagu “*Saliasih*”, “*Éngko*”, “*Papalayon*”, “*Barlén*”, “*Rayak-rayak*”, “*Kembang Beureum*”, “*Kembang Tanjung*”, “*Géboy*”, “*Wangsit Siliwangi*”, “*Buah Kawung*”, “*Ayun Ambing*”, “*Hayam Ngupuk*”, jrrd.

Dina prungna ajéng ditabeuh téh mucunghul ibingan-ibingan *mistik* ti jalma-jalma nu kasurupan. Unggal wangun ibingan ngagambarkeun kabiasaan éta arwah, nepi ka *gerak* ibingan jeung tingkah polahna dumasar kana *gerak* nalika

manéhna keur hirup. *Gerak* jeung ibingan éta ngagambarkeun *gerakan-gerakan* anéh. Nu kasurupan téh bisa sadar sorangan saupama manéhna geus ngarasa bungah sarta sugema lantaran lagu nu dipikaresepna geus dilayanan ku nayaga, atawa bisa sadar lamun disadarkeun ku jalma husus nu bisa nyadarkeunana. Seni ajéng dipungkas ku jiro panutup.

- 3) Ajén-inajén nu nyampak dina seni ajéng, ku panalungtik dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di sakola. Nu bisa diterapkeun dina pangajaran di antarana ajén-inajénna. Kahiji, patalina jeung manusa salaku mahluk nu ngagem agama nya éta iman jeung takwa ka Nu Maha Kawasa. Kadua, patalina jeung tangtungan hirup nya éta kudu taliti jeung ati-ati, daék ihtiar, mekarkeun kamampuh diri, salawasna milampah kahadéan sarta pengkuh kana tetekon nu geus aya ti generasi saméméhna dina ngajaga lembur sarta ngamumulé budayana. Katilu, patalina jeung atikan masarakat hirup rukun sauyunan jeung pada-pada manusa, gotong royong, silih rojong, jeung silih tulungan. Kaopat, patali jeung seni ajéng salaku seni tradisional banda budaya Sunda, siswa salaku generasi penerus kudu wanoh sarta wajib ngamumulé seni ajéng katut ngariksa jeung ngaraksa budaya Sunda nu aya di wewengkonna hususna, umumna nu aya di Jawa Barat.

## 5.2 Implikasi

Ajén budaya dina seni ajéng dilarapkeun dina bahan pangajaran maca artikel budaya. Dilarapkeunna déskripsi ngeunaan seni ajéng pikeun bahan pangajaran maca, nambahan pangaweruh siswa ngeunaan budaya tradisional Sunda, hususna ajéng. Ayana ajén budaya nu nyampak dina seni ajéng bisa jadi tatapakan siswa pikeun ngalakonan kahirupanana.

## 5.3 Rékomendasi

Dumasar ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun Pamaréntah

Sangkan seni ajéng leuwih dipikawanoh ku masarakat luareun Kecamatan Ujungjaya, sakuduna pamaréntah mintonkeun seni ajéng dina acara-acara Kabupatén, ku sabab biasana dina acara modél kitu téh loba warga Kabupatén Sumedang nu ngahaja datang ngahadiran. Dina éta acara mangrupa waktu anu hadé pikeun ngawanohkeun seni ajéng.

Sangkan waditra ajéng teu tumpur alatan ruksak, pamaréntah sakuduna méré waragad sarta méré perhatian husus pikeun miara waditra ajéng.

## 2) Pikeun Pangajaran Basa Sunda

Seni ajéng bisa dilarapkeun dina pangajaran maca jeung pangajaran séjénna.